



PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 4 (Empat)

Hari / Tanggal : Sabtu, 3 Desember 2022
Waktu : 07.30 – 09.00

I. Tulisen salah sijine jawaban sing ko anggep bener ana kotak sing wes disediakake !

Gatekna geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomer 1-7!

Sapu Sada Dening Astuti

*Jumat asri
resik lan sehat
cancut tall wanda
nandur kabecikan
Cilik gedhe bagus ayu
ora mung padha gumuyu
ora tinggal glanggang colong playu
tumuju adiwiyata murih rahayu
Crah agawe bubrah
rukun agawe santosa
guyub rukun kaya sapu sada*

1. Saben dina Jum'at dianakake kagiyatan....
 - A. jalan sehat
 - B. sinau bareng
 - C. resik-resik
 - D. penjelajahan
2. Nalika kerja bakti padha tumandang kanthi nandur kabecikan. Tembung "nandur kabecikan" tegese
 - A. tumindak ala
 - B. tumindak apik
 - C. ngajak tukaran
 - D. ngajak sinau
3. Sajroning tandang gawe kabeh dikantheni rasa....
 - A. sedhih
 - B. seneng
 - C. wedi
 - D. trenyuh
4. Crah agawe bubrah. Tembung "crah" tegese....
 - A. ngajak mungsuhan
 - B. golek paseduluran
 - C. ngajak gotong royong
 - D. tansah guyub rukun
5. Rukun agawe santosa. Tembung "santosa" tegese.
 - A. rukun
 - B. anteng
 - C. ringkih
 - D. rosa
6. Urip guyub rukun diibaratake kaya dene sapu sada, jalaran sapu sada kuwi yen manunggal ora ana sing.
 - A. nyenengi
 - B. ngalahake
 - C. nggunakake
 - D. mbutuhake
7. Sing dadi temane geguritan ing ndhuwur yaiku.....

- A. urip cecongkrahan
 - B. ngajak guyub rukun
 - C. seneng tukar padu
 - D. seneng nyambut gawe
8. Salah sijine jinis karangan sastra Jawa sing dikarang kanthi nengenake kaendahan diarani
- A. cangkriman
 - B. geguritan
 - C. parikan
 - D. parbasan
9. Geguritan iku ing basa Indonesia diarani
- A. pantun
 - B. peribahasa
 - C. puisi
 - D. syair
10. Unsur-unsur sing nyengkuyung utawa mbiyantu isine geguritan diarani
- A. pilihan tembung
 - B. unsur intrinsik
 - C. struktur teks
 - D. pesen amanat
11. Tembung-tembung sing dipilih kanggo nulis geguritan, yaiku tembung-tembung kang
- A. mentes lan mantesi
 - B. lumrah digunakake
 - C. angel dingerteni
 - D. ora tau digunakake
12. Sajroning maca geguritan mobah-mosiking awak kudu cocog karo isi karepe geguritan diarani
- A. ekspresi
 - B. artikulasi
 - C. kinestik
 - D. wirama
13. Nalika maca geguritan swarane kudune
- A. lirih wae
 - B. los lan banter
 - C. rada banter
 - D. banter terus
14. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik kudune
- A. bisa ngarang
 - B. pinter nembang
 - C. ngerti pengarang
 - D. paham isine
15. Sajroning nulis geguritan sing diutamakake diksi. Sing diarani diksi yaiku....
- A. penganggane wirama
 - B. pangangen angen
 - C. penganggane gaya bahasa
 - D. pamilihing tembung

Gatekna teks dhialog iki kanggo mangsull soal nomer 11-16!

Agung : "Nuwun sewu, kok njanur gunung nitih sepedhah, Pak. Kenging punapa mobilipun?"

Pak Hari : "Mobile apik-apik wae, mung bapak kepingin sepedhahan."

Agung : "Bapak punapa mboten lingsem?"

Pak Hari : "Ora. Isin iku yen mbolos, telat, ora nggarap PR."

Agung : "La, punapa tujuwanipun bapak nitih sepedhah?"

Pak Hari : "Njaga kesehatan lan budaya gemi energi."

Agung : "Wah, kula kok mmboten mudheng, ta?"

Pak Hari : "Mobil kae bahan bakare apa?"

Agung : "Bensin, pertalite, utawi pertamax."

Pak Hari : "Kuwi kabeh bahan sing asale saka bumi. Bahan sing asale saka bumi yen digawe terus, suwe-suwe bisa entek."

Agung : "Wah, dangu-dangu saged telas?"
 Pak Hari : "Mulane aku numpak sepedhah, ben ngirit energi."
 Agung : "Wah, menawi para pejabat tindak kantor, kersa nitih sepedhah, saged ngirit BBM?"
 Pak Hari : "Ya, kajaba kuwi uga nyuda kemacetan."

16. Sajroning pirembugan ing ndhuwur, wektu iku Pak Hari budhal sekolah nitih..
 - A. mobil pribadi
 - B. bis umum
 - C. sepedhah montor
 - D. sepedhah pancal
17. Geneya mobile Pak Hari? Mobile Pak Hari....
 - A. apik-apik wae
 - B. isih diservis
 - C. wis didol
 - D. disilih wong
18. Pak Hari nitih sepedhah tujuwane yaiku....
 - A. njaga kesehatan
 - B. kepengin dialem
 - C. mamerake sepedhahe
 - D. ben dianggep mlarat
19. Bahan bakare mobil, yaiku....
 - A. pertalite
 - B. kaporite
 - C. oralite
 - D. korosite
20. Salah siji cara kanggo ngirit BBM, yaiku numpak
 - A. bis
 - B. mobil
 - C. angkot
 - D. sepedhah
21. Isi bakune pirembugan ing ndhuwur, yaiku.....
 - A. kepengin niliki gurune
 - B. arep konsultasi gurune
 - C. pengin melu kagiyatan
 - D. arep nggarap tugas
22. Aku wingi karo Pak Hari diutus golek bocah sing gelem melu lomba.Tembung "diutus" tegese.
 - A. diseneni
 - B. diajak
 - C. dijaluk
 - D. dikongkon
23. Sing diarani teks pirembugan yaiku teks awujud....
 - A. tembang
 - B. geguritan
 - C. gancaran
 - D. pacelathon
24. Nalika maca teks pirembugan sing kudu digatekake, yaiku.....
 - A. olehe ngucapake tetembungan kudu bener
 - B. olehe maca saben ukara kudu sing banter
 - C. wong sing maca pirembugan kudu pinter
 - D. ora perlu nggatekake tandha pawacan
25. Ciri-cirine teks pirembugan yaiku.
 - A. basane kudu nggunakake basa endah.
 - B. tetembungane angel dingerteni.
 - C. ukarane awujud pacelathon (dhialog)
 - D. ukara sing digunakake kudu dawa.
26. Tata krama sajroning pirembugan, yaiku ...
 - A. Rembukan mung karo wong sing becik wae.

- B. Saora-orane bisa gawe lara atine wong liya.
 - C. Nggunakake tetembungan sing becik lan sopan.
 - D. Nalika rembugan ora perlu nganggo basa.
27. Gunane tata krama sajroning pirembungan, yaiku.
- A. awake dhewe malih digething wong akeh
 - B. akeh wong sing maido marang awake dhewe
 - C. awake dhewe diajeni/disungkani wong ake
 - D. awake dhewe malih ora duwe kanca
28. Hadi mau diceluk bapak nanging ora krungu. Tembung "diceluk" benere.....
- A. didukani
 - B. ditimbali
 - C. diutus
 - D. didhawuhi
29. Bu Guru saiki isih durung gelem mangan. Tembung "gelem mangan" benere....
- A. purun nedha
 - B. purun dhahar
 - C. kersa nedha
 - D. kersa dhahar
30. Bapak isih durung gelem turu.
- Ukara iki yen diowahi dadi ngoko alus....
- A. Bapak isih durung kersa tilem.
 - B. Bapak isih durung kersa sare.
 - C. Bapak isih durung purun tilem.
 - D. Bapak isih durung purun sare.
31. Cita kewan sing nggambarake watak wantune manungsa diarani
- A. sage
 - B. legendha
 - C. fabel
 - D. mite
32. Cita rakyat sing isi critane bab kasekten, kaluwihan, lan kepahlawanan sawijine tokoh diarani
- A. fabel
 - B. sage
 - C. mite
 - D. legendha
33. Ing ngisor iki kalebu unsur intrinsik sajroning cita, kejaba
- A. tema
 - B. seting
 - C. alur
 - D. dhialog
34. Tokoh-tokoh sing ana ing sajroning cita diarani
- A. seting
 - B. paraga
 - C. tema
 - D. amanat
35. Idhe baku utawa gagasan baku sajroning cita diarani
- A. seting
 - B. paraga
 - C. alur
 - D. tema
36. Piwulang kabecikan utawa pitutur luhur kang ana ing sasajroning cita diarani
- A. seting
 - B. pesen/amanat
 - C. paraga
 - D. sudhut pandhang
37. Posisine pangripta sajroning cita utawa carane pangripta nyritakake isine cita diarani
- A. seting
 - B. pesen/amanat

- C. paraga
D. sudut pandhang
38. Sing paling wigati sajroning maca sawijine crita rakyat, yaiku bisa....
A. njupuk pesen/amanate
B. nerangake judhule crita
C. nggoleki unsur basane
D. gawe ringkesane crita
39. Karangan sing isine nyritakake sawijine rerangken kedadeyan sing ditulis kanthi urutan waktu diarani karangan.....
A. narasi
B. argumentasi
C. dheskripsi
D. persuasi
40. Karangan kang tujuwan lan isine nggambarake sawijining bab utawa perkara kanthi jelas, gamblang lan komplit nganti wong sing maca kaya-kaya ngrasakne lan ngalami dhewe apa sing dicritakake diarani karangan.....
A. narasi
B. argumentasi
C. dheskripsi
D. persuasi
41. Karangan kang nggambarake objek kanthi tujuwan supaya wong kang maca ngrasa kaya nyawang dhewe objek kang digambarake diarani karangan..
A. narasi
B. argumentasi
C. dheskripsi
D. persuasi
42. Jinise karangan sing kena kanggo mangsuli pitakonan: apa, ing ngendi, sapa, kapan, kepriye, lan geneya diarani karangan
A. narasi
B. argumentasi
C. dheskripsi
D. persuasi
43. Ciri - cirine karangan narasi, yaiku....
A. bisa dirasakake nggunakake panca indra
B. wong sing maca kaya-kaya ngalami dhewe
C. Bisa kanggo nggambarake samubarang
D. ana unsure paraga, alur, lan settinge
44. Ciri-cirine karangan dheskripsi, yaiku...
A. ana unsur-unsure rerangkene crita
B. adhedhasar urutan wektu kang runtut
C. ngutamakake pikiran tinimbang perasaan
D. kanggo nggambarake samubarang
45. Tata urutane nulis karangan narasi yaiku
A. Nemtokake judhul banjur nemtokake tema lan ditulis kanthi tata urutan wektu.
B. Nemtokake objek, tujuwan, lan sakabehane aspek banjur gawe warangka.
C. Diwiwiti golek idhe banjur digandheng-gandheng kanthi rumus 5W + 1H.
D. Nemtokake objek lan tujuwan banjur nyritakake kepriye dumadine kedadeyan
46. Tata urutane nulis karangan dheskripsi yaiku....
A. Nemtokake judhul banjur nemtokake tema lan ditulis kanthi tata urutan wektu
B. Nemtokake objek, tujuwan, lan sakabehane aspek banjur gawe warangka
C. Diwiwiti golek idhe banjur digandheng-gandheng kanthi rumus 5W + 1H
D. Nemtokake objek lan tujuwan banjur nyritakake kepriye dumadine kedaeyan
47.  Aksara Jawa ing sisih yèn diganti nganggo aksara latin unine ...

- A. sumini toko roti
- B. tukini toko roti
- C. sumini toko nasi
- D. tukini toko nasi


48.  Aksara jawa ing sisih iki yen diganti aksara latin unine ...

- A. bahasa sawa
- B. bahsa jawa
- C. bahasa jawi
- D. bahsa dawa

49. “ Ibu guru ” Tembung sing kacetak miring yen diganti aksara jawa dadi ...

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 

50. “ Kebo airo ” Yen ditulis nganggo aksara Jawa dadi ...

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 